

AVANTAJ ASIRANS POU CHOMAJ YO: KESYON YO POZE SOUVAN YO KI AKTYALIZE

Enstwiksyon yo Sijè a Chanjman Kouramman, Apati 31 Mas 2020

Nan dat 27 mas 2020, Prezidan Etazini an te siyen yon lwa ki ap bay asistans Asirans Chomaj (Unemployment Insurance, "UI") adisyonèl pou travayè ki afekte pa COVID-19. Nouvèl lwa sa a ap bay:

- **Asistans Chomaj pou Pandemi (Pandemic Unemployment Assistance, PUA)** – Elijibilite ki elaji pou moun ki te nòmalman pa kalifye pou avantaj UI yo (pa egzanp, travayè endepandan yo, antrepriz endepandan yo);
- **Konpansasyon Chomaj pou Pandemi (Pandemic Unemployment Compensation)** – Yon 600 dola adisyonèl pa semèn, an plis de avantaj regilye yo, pou tout benefisyè UI yo; ak,
- **Konpansasyon Chomaj Ijans pou Pandemi (Pandemic Emergency Unemployment Compensation)** – Yon 13 semèn avantaj UI adisyonèl, an plis de 26 semèn regilye yo te deja bay yo, pou yon total 39 semèn kouvèti.

Asistans Chomaj pou Pandemi – Elijibilite Ki Elaji pou Avantaj UI yo

KESYON: Ki moun ki kalifye pou jwenn PUA?

REPONS: Moun ki kalifye pou PUA si yo pa kalifye pou avantaj UI regilye yo (ki enkli travayè endepandan yo ak antrepriz endepandan yo) epi pa ka travay paske yo:

- Dyagnostike pou COVID-19 oswa prezante sentom COVID-19 yo epi yo ap chèche fè dyagnostik.
- Gen yon manm fanmi an ki dyagnostike pou COVID-19;
- Ap pran swen yon manm fanmi oswa moun ki rete nan kay la ki dyagnostike pou COVID-19;
- Se responsab prensipal pou yon timoun ke lekòl oswa etablisman gadri li te fèmen, akòz COVID-19;
- Pa ka ale nan espas travay yo akòz yon karantèn ke yo enpoze, oswa akòz pwofesyonèl medikal yo te konseye yo pou mete pwòp tèt yo an karantèn, akòz COVID-19;
- Te planifye yo pral kòmanse yon nouvo travay epi pa ka ale nan espas travay la kòm yon konsekans dirèk COVID-19;
- Te vin moun prensipal ki ap mete manje sou tab lakay yo akòz chèf kay la te mouri akòz COVID-19;
- Kite travay yo kòm yon konsekans dirèk COVID-19;
- Te gen espas travay yo ki fèmen kòm yon konsekans dirèk COVID-19; oswa
- Ranpli nenpòt kritè adisyonèl ki espesifye pa Sekretè Travay Ameriken an.

Moun yo pa kalifye pou jwenn PUA si yo ka travay sou entènèt oswa si yo ap resevwa konje pou maladi ki peye

oswa lòt avantaj konje peye yo (menm si yo ranpli youn nan kondisyon ki mansyone anlà a).

KESYON: Kijan pou mwen aplike pou PUA?

REPONS: Ou ka ranpli yon aplikasyon pou PUA sou entènèt sou paj **labor.ny.gov**. Tanpri remake, ou pa ka aplike pou PUA jiskaske yo te detèmine ke ou pa kalifye pou avantaj UI yo. Ou dwe aplike pou UI anvan ou aplike pou PUA.

KESYON: Ki kantite avantaj maksimòm ke mwen ka resevwa nan PUA?

REPONS: Kantite avantaj ou a li baze sou montan salè resan ou. Nan New York, kantite avantaj maksimòm aktyèl yo resevwa chak semèn se 504 dola. Kantite avantaj PUA minimòm lan se 50% kantite avantaj an mwayèn yo resevwa chak semèn nan New York. Pou peryòd 27 janvyè 2020 - 31 mas 2020, kantite avantaj minimòm lan se 172 dola. Pou peryòd 1 avril 2020 - 30 jen 2020, kantite avantaj minimòm lan se 182 dola.

KESYON: Èske mwen pral resevwa tou 600 dola adisyonèl pa semèn lan pou Konpansasyon Chomaj pou Pandemi?

REPONS: Wi. Avantaj PUA yo pral gen ladan yon 600 dola adisyonèl pa semèn jiska 31 jiyè 2020.

KESYON: Èske mwen dwe rete tann yon semèn apre mwen vin san travay anvan ke mwen ka resevwa avantaj PUA yo?

REPONS: Non, pa gen peryòd atant pandan yon semèn pou PUA.

KESYON: Konbyen tan avantaj PUA yo ap dire?

REPONS: Avantaj PUA yo ka kouvri peryòd chomaj jiska 39 semèn.

KESYON: Èske avantaj PUA yo retwoyaktif?

REPONS: Wi, yo ka peye avantaj PUA yo yon fason retwoyaktif pandan peryòd chomaj yo, kòmanse apati oswa apre dat 27 janvyè 2020.

KESYON: Mwen ka travay a distans. Èske mwen klaifye pou jwenn PUA?

REPONS: Non. Si yo ap peye ou pou ou travay a distans, ou pa kalifye pou avantaj PUA yo.

Konpansasyon Chomaj pou Pandemi – 600 dola Avantaj UI Adisyonèl Pa Semèn

KESYON: Mwen deja ap resevwa UI. Kisa mwen dwe fè pou mwen resevwa 600 dola adisyonèl sa a pa semèn?

REPONS: Anyen. Yo pral ajouje 600 dola adisyonèl pa semèn lan otomatikman sou tout avantaj UI ak PUA regilye yo.

KESYON: Èske 600 dola adisyonèl pa semèn sa a pral redwi avantaj UI regilye mwen yo?

REPONS: Non. Avantaj 600 dola adisyonèl pa semèn lan pa pral redwi okenn nan avantaj UI oswa PUA yo.

KESYON: Pandan konbyen tan mwen pral resevwa avantaj UI

adisyonèl sa a? REPONS: Avantaj 600 dola adisyonèl pa semèn lan pral fini nan dat 31 jiyè 2020.

KESYON: Èske yo pral konte peman 600 dola adisyonèl pa semèn sa a pou elijibilite mwen pou lòt pwogram gouvènman yo?

REPONS: Yo pa pral konte peman 600 dola adisyonèl pa semèn lan pou elijibilite revni ou pou Medicaid ak Pwogram Asirans Sante Timoun lan (Children's Health Insurance Program, CHIP).

Konpansasyon Chomaj Ijans pou Pandemi – Elijibilite pou 13 Semèn Avantaj UI Adisyonèl

KESYON: Mwen deja ap resevwa UI. Kijan pwogram sa a pral ede mwen?

REPONS: Si ou te fin itilize 26 semèn UI regilye ou yo, ou pral resevwa yon 13 semèn avantaj adisyonèl.

KESYON: Mwen te fin itilize 26 semèn avantaj mwen yo depi kèk semèn. Èske mwen toujou kalifye pou 13 semèn avantaj UI pwolonje sa yo?

REPONS: Wi. Nenpòt moun ki fin itilize avantaj UI yo apre dat 1 Jiyè 2019 kalifye pou resevwa 13 semèn avantaj adisyonèl.

KESYON: Èske mwen pral resevwa tou 600 dola adisyonèl pa semèn la pandan 13 semèn elijibilite UI sa yo?

REPONS: Wi. 13 semèn avantaj adisyonèl yo pral gen ladan yon 600 dola adisyonèl pa semèn jiska 31 jiyè 2020.

Enfòmasyon Jeneral sou Asirans Chomaj

KESYON: Kisa yon Asirans Chomaj ye?

REPONS: Asirans Chomaj (ke yo rele tou UI) bay avantaj lajan tanporè pou anplwaye ki te pèdi travay yo. Si ou te travay nan Eta New York pandan peryòd 18 dènye mwa ki sot yo epi pèdi travay ou, san ke se pa't fòt ou, ou ka kalifye pou jwenn UI.

KESYON: Ki kantite avantaj maksimòm ke mwen ka resevwa atravè Asirans Chomaj yo?

REPONS: Kantite avantaj yon moun ap jwenn li baze sou montan salè resan li te resevwa nan travay li. Kantite avantaj maksimòm yo resevwa chak semèn se 504 dola.

KESYON: Konbyen tan avantaj Asirans Chomaj yo pral dire?

REPONS: Aktyèlman, limit lan se 26 semèn pa ane. Gouvènman federal la te resamman kreye yon nouvo pwogram ke yo te rele Konpansasyon Chomaj Ijans pou Pandemi ki pral pèmèt moun ki fè reklamasyon yo ki fin itilize avantaj UI regilye yo, pou yo resevwa jiska 13 semèn avantaj adisyonèl.

KESYON: Kijan pou mwen aplike pou Asirans Chomaj yo?

REPONS: Ou ka fè yon reklamasyon lè ou ale sou paj **labor.ny.gov**. Ou ka rele tou Sant Reklamasyon pa Telefòn lan

nan **888-209-8124**. Akoz gwo kantite apèl ke nou pa konn resevwa nòmalman, nou ap akouraje moun ki vle fè yon reklamasyon yo pou yo ale sou sit entènèt la an premye, si sa posib.

KESYON: Kilè mwen ta dwe fè reklamasyon mwen an?

REPONS: Ou ta dwe fè reklamasyon ou an nan premye semèn ou te travay mwens pase kat jou epi te touche yon revni brit ki mwens pase 504 dola. Si ou te travay pandan kat jou oswa pi plis oswa ou te touche plis pase 504 dola, ou ta dwe fè reklamasyon an nan semèn apre a.

KESYON: Mwen kontinye pa ka pale ak sant apèl UI la. Èske yo ap trete reklamasyon mwen an?

REPONS: Ou pral resevwa tout avantaj ke ou kalifye pou jwenn yo. Reklamasyon ou an pral kòmanse jou ou te separe de patwon travay ou a. Genyen anpil kantite apèl ak trafik sou entènèt san presedan. Tanpri rete pasyan epi kontinye eseye. Li pi bon si ou aplike sou entènèt.

KESYON: Mwen pa't kapab fè reklamasyon mwen an pandan semèn mwen te separe de travay mwen akoz pwoblèm ki genyen ak sit entènèt Depatman Travay la (Department of Labor, DOL) ak/oswa sant apèl UI la. Èske mwen pral toujou resevwa avantaj semèn sa a?

REPONS: Wi, ou pral resevwa tout avantaj ke ou kalifye pou jwenn yo. Reklamasyon ou an pral kòmanse jou ou te separe de patwon travay ou a, epi DOL pral antidate nenpòt reklamasyon ke yo pa trete atan akoz nenpòt pwoblèm ki genyen ak sit entènèt DOL la oswa sant apèl UI la.

KESYON: Kisa ki peryòd atant lan epi kisa sa vle di ke yo te egzonere li?

REPONS: Tipikman, premye semèn konplè yon reklamasyon se yon semèn atant ki pa peye. Sa vle di ke yo pa peye ou men ou dwe reklame avantaj pa semèn yo epi ranpli kondisyon elijibilite yo. Kòmanse apati dat 12 mas 2020, Gouvènè a te sispann peryòd yon semèn atant lan pou moun ki te afekte pa kriz sante piblik COVID-19 lan. Sa vle di si yo dekouvri ke ou kalifye pou avantaj yo, yo pral bay ou lajan apati premye semèn depi lè ou te fè reklamasyon ou an (se pa dezyèm semèn lan). Sa pa vle di ke yo pral peye ou menm moman ke ou fè reklamasyon ou an.

KESYON: Si yo dekouvri ke mwen kalifye pou Asirans Chomaj yo, kilè mwen ka espere jwenn premye peman mwen an?

REPONS: Si ou kalifye pou UI, yo pral fè premye peman ou an jeneralman nan de oubyen twa semèn apati de lè ou te fè reklamasyon an. Nan kèk ka, nou dwe jwenn enfòmasyon adisyonèl anvan ke nou ka fè peman yo, epi premye peman ou an ka pran plis tan. Nou itilize tan sa a pou revize epi trete aplikasyon ou fè pou avantaj yo. Ou pa pral resevwa avantaj yo pandan peryòd sa a. Kontinye reklame avantaj chak semèn yo toutotan ke ou pa gen travay epi ranpli kondisyon elijibilite yo. Epi tou, verifye kazye pòs ou epi reponn imedyatman nenpòt kesyonè oswa apèl telefonik DOL, pou evite reta nan peman ou yo. Si yo dekouvri ke ou kalifye, ou pral resevwa nenpòt avantaj semèn pase yo ke yo dwe ou ak premye peman ou an. Ou pral resevwa avantaj ou yo apati depo dirèk oswa kat debi bankè.

KESYON: Patwon travay mwen te redwi orè travay mwen akoz COVID-19. Èske mwen kalifye pou jwenn Asirans Chomaj yo?

REPONS: Sa depann. Si ou travay mwens pase kat jou pa semèn epi touche 504 dola pa semèn oswa mwens ke sa, ou ka kalifye pou resevwa avantaj UI pasyèl yo.

KESYON: Mwen travay a tan pasyèl. Èske mwen kalifye pou jwenn UI?

REPONS: Si ou travay mwens pase kat jou pa semèn epi touche 504 dola oswa mwens ke sa, ou ka resevwa avantaj pasyèl yo. Chak jou, oswa pati nan yon jou, travay koze kantite avantaj ou resevwa chak semèn yo redwi de yon ka (1/4).

KESYON: Travay mwen an te fèmen tanporèman? Èske mwen kalifye pou jwenn Asirans Chomaj yo?

REPONS: Ou ta dwe fè yon reklamasyon si yo te revoke ou nan travay ou. Objektif nou se asire ke yo peye avantaj yo bay tout moun ki aplike epi ki legalman kalifye pou resevwa yo.

KESYON: Mwen se yon travayè endepandan oswa antrepiz endepandan. Èske mwen kalifye pou jwenn Asirans Chomaj yo?

REPONS: Aktyèlman, laplipa travayè endepandan ak antrepiz endepandan ki ap travay nan Eta New York yo pa gen otorizasyon pou yo jwenn avantaj asirans chomaj yo. Sepandan, travayè endepandan ak antrepiz endepandan yo ka kalifye pou avantaj yo nan kad PUA. PUA disponib pou moun ki ta pral nòmalman pa kalifye pou avantaj chomaj regilye yo men ki pa ka travay akòz COVID-19. PUA disponib pou peryòd chomaj ant 27 janvyè 2020 ak 31 desanm 2020. Kantite avantaj maksimòm lan se 504 dola, ki se menm valè ak kantite avantaj maksimòm pou avantaj asirans chomaj regilye yo. USDOL kalkile kantite PUA minimòm, chak trimès, kòm 50% kantite avantaj an mwayèn yo resevwa chak semèn nan chak eta. Pou peryòd 1 janvyè 2020 - 31 mas 2020, kantite avantaj minimòm lan se 172 dola. Pou peryòd 1 avril 2020 - 30 jen 2020, kantite avantaj minimòm lan se 182 dola.

KESYON: Mwen se pwopriyetè yon ti biznis ki te oblije fèmen akòz COVID-19. Èske mwen kalifye pou jwenn UI?

REPONS: Moun ki se travayè endepandan ki afekte pa COVID-19 yo ka aplike pou avantaj PUA yo.

KESYON: Mwen pa ka travay paske lekòl oswa etablisman gadri pitit mwen te fèmen akòz COVID-19, epi mwen oblije rete lakay mwen pou pran swen pitit mwen. Èske mwen kalifye pou jwenn Asirans Chomaj yo?

REPONS: Pandan ke ou kalifye sèlman pou jwenn avantaj asirans chomaj yo si ou kapab epi disponib pou travay, nan kad PUA ou ka resevwa avantaj yo si ou se responsab prensipal pou yon timoun ke lekòl oswa etablisman gadri li te fèmen akòz COVID-19. PUA disponib pou peryòd chomaj ant 27 janvyè 2020 ak 31 desanm 2020. Kantite avantaj PUA minimòm lan se 50% kantite avantaj an mwayèn yo resevwa chak semèn nan New York. Pou peryòd 1 janvyè 2020 - 31 mas 2020, kantite avantaj minimòm lan se 172 dola. Pou peryòd 1 avril 2020 - 30 jen 2020, kantite avantaj minimòm lan se 182 dola. Kantite avantaj maksimòm lan se 504 dola, ki se menm valè ak kantite avantaj maksimòm pou avantaj asirans chomaj regilye yo.

KESYON: Si mwen pa ka al travay paske yon pwofesyonèl medikal te di mwen ke mwen dwe rete an karantèn, èske mwen kalifye pou jwenn avantaj Asirans Chomaj yo?

REPONS: Pwobableman pa, si ou toujou gen travay. Sepandan, Gouvènè a te resamman adopte yon lwa ki ap bay pwoteksyon pou travay ak konje peye pou moun ki sijè a yon òdonans karantèn oswa izòlman ke yon antite gouvènmantal te bay akòz COVID-19.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon la a: ny.gov/COVIDpaysickleave. Gen pwoteksyon adisyonèl tou pou travayè ki malad oswa ke yo te mande pou yo rete an karantèn. Pou plis enfòmasyon, tanpri ale sou sit entènèt COVID-19 Depatman Sante Eta New York la (New York State Department of Health, NYSDOH) nan: ny.gov/coronavirus.

KESYON: Gouvènman federal la te adopte resamman lwa ki ap bay avantaj Asirans Chomaj adisyonèl yo. Kijan chanjman sa yo ap afekte moun New York yo?

REPONS: Gouvènman federal la te kreye resamman twa nouvo pwogram ki an rapò ak konpansasyon asirans chomaj ak COVID-19: Asistans Chomaj pou Pandemi; Konpansasyon Chomaj pou Pandemi (600 dola avantaj adisyonèl pa semèn); ak Konpansasyon Chomaj Ijans pou Pandemi (13 semèn avantaj adisyonèl pou moun ki ap fè reklamasyon epi ki te fin itilize avantaj yo). Gen enfòmasyon adisyonèl sou pwogram sa yo ki disponib nan: labor.ny.gov.

KESYON: Mwen se yon travayè aje ak/oswa mwen gen pwoblèm sante. Mwen ap travay tou pre anpil moun epi mwen pèsònèlman enkonfòtab pou m'al travay akòz enkyetid pou sante mwen. Èske mwen kalifye pou jwenn Asirans Chomaj yo?

REPONS: Yon fason jeneral, ou pa kalifye pou jwenn asirans chomaj yo si ou volontèman kite travay ou. Anvan ou kite travay ou, tanpri konsidere pale ak patwon travay ou an pou jwenn altènatif ki ka disponib tankou itilizasyon konje pou moman maladi oswa konje anyèl, mande yon akomodasyon rezonab tankou travay a distans, mande patwon travay ou an yon konje pou absans, oswa mande avantaj andikape tanporè. Si pa gen opsyon altènatif ki disponib, ou ka fè yon reklamasyon pou asirans chomaj. Ou ta dwe konsidere jwenn yon dokiman medikal ki idantifye nenpòt limitasyon travay epi soumèt yo ak reklamasyon ou an. Si yo dekouvri ke ou pa kalifye pou avantaj asirans chomaj yo, ou ka kalifye pou avantaj yo nan kad PUA.

KESYON: Yo te konseye mwen rele yon espesyalis pou fè yon reklamasyon ke mwen te deja kòmanse fè, men apèl mwen pa ka pase. Kisa mwen ta dwe fè?

REPONS: Ou dwe kontinye kontakte Sant Reklamasyon pa Telefòn lan nan **1-888-209-8124**: se sèl mwayen ki genyen pou ou fè reklamasyon ou an (ou pa ka fè pati sa a nan reklamasyon ou an sou entènèt.)

KESYON: Mwen pa ka antre sou kont ID NY.GOV mwen an pou fè yon reklamasyon. Kisa mwen ta dwe fè?

REPONS: Rele **1-800-833-3000** Chwazi lang, epi peze 2.

KESYON: Mwen bezwen reyinisyalize nimewo PIN mwen. Kisa mwen ta dwe fè?

REPONS: Ou dwe rele Sant Reklamasyon pa Telefòn lan nan **1-888-209-8124** epi pale ak yon ajan. Se sèl fason pou ou reyinisyalize nimewo PIN ou.

KESYON: Mwen enkyè pou si mwen aplike pou UI pou travay mwen ta retalye kont mwen oswa pa retounen rele mwen pou vin travay apre pandemi a fini. Ki dwa mwen genyen?

REPONS: Lwa eta a bay tout travayè dwa pou yo aplike pou avantaj chomaj yo, epi lwa sou travay yo (Labor Law) mansyone ke yon patwon travay pa ka retalye kont angajman yon travayè nan yon aktivite ki pwoteje.